# Investiciyalıq sheriklik haqqında Ózbekstan, AQSh hám Qazaqstan birgeliktegi bildiriwi

Image not found or type unknown

Region COVID-19 pandemiyasınıń ekonomikalıq aqıbetlerin jeńip ótiwge umtılar eken, bunday birge islesiw hám turaqlılıq hár qashanǵıdan da áhmiyetli bolıp esaplanadı. Amerika Qurama Shtatları, Ózbekstan Respublikası hám Qazaqstan Respublikası húkimetleri «Oraylıq Aziya investiciyalıq sherikligi» baslaması jolǵa qoyılǵanlıǵın járiyaladı. Qatnasıwshılar basqa mámleketlerdi regionallıq ekonomikalıq sheriklik hám abadanlıqtı qollap-quwatlawǵa qaratılǵan bul baslamaǵa qosılıwın xoshametleydi.

Usı baslama arqalı AQSh Xalıqaralıq rawajlanıw qarjı korporaciyası (DFC), Ózbekstan Respublikası Invesiciyalar hám sırtqı  sawda ministrligi jáne Qazaqstan Respublikası Húkimetiniń máplerin gózlep háreket etetuǵın «Astana» Halıqaralıq finans orayı, Oraylıq Aziya hám regiondaǵı jeke menshik sektor ósiwine jáne ekonomikalıq qatnasıqlardı keńeytiwge xızmet etetuǵın joybarlardı qollap-quwatlaw ushın bes jıl ishinde keminde 1 milliard dollar qarjı tartıw maqsetinde barlıq imkaniyatlardı iske  qosadı.

«Oraylıq Aziya investiciyalıq sherikligi»niń maqseti xalıqaralıq infrastruktura sapa standartına juwap beretuǵın inklyuziv, ashıq-aydın hám turaqlı investiciyanıń kólemi ósiwine járdem beriwshi jeke menshik sektor tarawındaǵı joybarlardı alǵa qoyıwdan ibarat. Sherikler joybarlardı tabıslı ámelge asırıwǵa úles qosadı, regionǵa qosımsha jeke menshik investiciya kirip keliwin jedellestiredi.

Bul joybar AQShtıń Oraylıq Aziyada ekonomikalıq ósiw hám abadanlıqtı qollap-quwatlaw baǵdarındaǵı háreketlerin turmısqa engiziwdegi áhmiyetli  qádem bolıp esaplanadı. «C5+1» platforması arqalı ámelge asırılıp atırǵan bul baslama Oraylıq Aziya mámleketleriniń ekonomikasın bekkemlew hám ósiwin támiyinlew maqsetinde sawda-satıq kólemin keńeytiw, kompleksli rawajlanıwdı xoshametlew hám kóp tárepleme qatnasıqlardı tereńletiw ushın barlıq bar imkaniyatlardan paydalanıwǵa umtıladı.

Region COVID-19 pandemiyasınıń ekonomikalıq aqıbetlerin jeńip ótiwge umtılar eken, bunday birge islesiw hám turaqlılıq hár qashanǵıdan da áhmiyetli bolıp esaplanadı.

«Orylıq Aziya investiciyalıq sherikligi» regionımızdaǵı hár bir mámlekettiń rawajlanıw,

gúllep-jasnawǵa qaray umtılıwına tiykarlanadı.

Regionallıq joybarlardı qollap-quwatlawdan tısqarı, DFC Ózbekstan Respublikası Investiciyalar hám sırtqı sawda ministrligi jáne Qazaqstan Respublikası Húkimetiniń máplerin gózlep háreket etetuǵın «Astana» xalıqaralıq finans orayı menen óz-ara kelisim memorandumına qol qoyıw jáne investiciyalıq korlardıń jumısın rawajlandırıwdı qollap-quwatlaw, birgeliktegi joybarlardı ámelge asırıw imkaniyatın úyreniw arqalı Oraylıq Aziyada sheriklikti tereńletiwde dawam etedi.

Bul bildiriw teksti Amerika Qurama Shtatları, Ózbekstan Respublikası hám Qazaqstan Respublikası húkimetleri tárepinen málim etildi.

ÓzA